



Disability Rights Florida te tabli nan lane 1977 kòm sistèm pwoteksyon ak pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) ki chwazi a pou moun ki gen andikap nan eta Florida a. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, ak siskè moun ki gen andikap.



Li kritik pou tout rezidan gen yon plan pou si ta gen yon katastwòf. Li pi enpòtan pou moun ki gen bezwen pou deplasman epi bezwen fonksyonèl pou yo pran mezi nesèsè pou yo pare sizoka gen yon dezast oubyen lòt ijans.

Jodiya menm, fè yon plan dijans pou fanmi ou a nan www.floridadisaster.org/planprepare.



Disability Rights Florida se yon sosyete san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan www.disabilityrightsflorida.org/funders. Enfòmasyon ki la pa yon reprezantasyon jidisyè e l pa konsèy nonplis.

Disability Rights Florida
2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308
800-342-0823 | TTY: 800-346-4127
www.DisabilityRightsFlorida.org



Èske w pare pou si ta gen yon ijans?

Preparasyon pou sitiyasyon ijan pou moun ki gen bezwen aksè epi bezwen fonksyonèl



Preparasyon pou sitiyasyon ijan pou moun ki gen bezwen aksè epi bezwen fonksyonèl

DEMANN POU ÈD



KOUTFIL GRATIS: 800-342-0823

TTY: 800-346-4127

ANLIY: www.DisabilityRightsFlorida.org/intake

Pou enfòmasyon detaye sou zouti, direktiv, epi konsèy pou planifye preparasyon dijans, gade nan www.DisabilityRightsFlorida.org/disasterprep.

Sèvis yo gratis epi konfidansyèl.

KIJAN POU MWEN ENSKRI NAN REJIS POU BEZWEN ESPESYAL LA?

Se Florida Department of Health (Depatman sante piblik nan Florida) ki jere Special Needs Registry a (Rejis pou bezwen espesyal). Li ede travayè dijans yo **jwenn moun epi konprann bezwen inik chak moun**. Infwa ou enskri ladan l, konte a ap kominike avèk ou pou n pale sou bezwen lojman pèsònèl ou yo. Ou ka wè rejis la nan snr.flhealthresponse.com.

KI SÈVVIS KONTE A OFRI?

Kèkeswa si w enskri oubyen pa enskri nan Special Needs Registry a, konte a gendwa ofri sèvis itil, tankou aksè nan lojman pou moun ki gen bezwen espesyal oubyen transpò sot lakay ou ale nan yonabri piblik. Pale avèk reprezantan divizyon jesyon dijans konte a pou l ba w detay. Pou ransèyman sou kiyès pou w rele, gade nan www.floridadisaster.org/counties.

KISA K AP RIVE BÈT DOMESTIK OUBYEN BÈT DESÈVIS MWEN AN?

Moun ki gen bèt domestik dwe tabli yon plan pou dezas ki okipe bèt domestik tou. Pets Evacuation and Transportation Standards Act of 2006 egzije pou plan dijans eta epi lokal yo trete bezwen moun ki gen bèt domestik. **Bèt desèvis pa bèt domestik epi toutabri piblik fèt pou yo aksepte bèt desèvis.**

KISA POU MWEN METE NAN TWOUS DIJANS MWEN AN?

Lè gen yon dezas, li gendwa posib pou w pa gen tan pou w al achte atik ki esansyèl. Se pou rezon sa, li kritik pou tout **kòkay gen yon twous dijans pare alavans epi toujou mete atik yo ajou nan twous la**. W ap jwenn yon lis atik debaz ki pou nan twous dijans ou a nan www.floridadisaster.org/planprepare/hurricane-supply-checklist.

